



ENSTRIKSYON POU AJANS FÒS LÒD ETAZINI LÈ Y AP DESEVI ASIYASYON, ÒDONANS TRIBINAL, AK MANDA FOUY BAY WESTERN UNION FINANCIAL SERVICES, INC.

\*\*Tanpri li dokiman sa a ak anpil atansyon. Enstriksyon sa yo se pou ajans fòs lòd ameriken yo sèlman. Yo pa aplike pou aksyon sivil epi yo pa aplike pou asiyasyon sivil. Yo dwe remèt dokiman pou zafè sivil yo dapre règleman ki nan jiridiksyon kote zafè a ap trete a. Western Union ap aksepte asiyasyon sivil ki byen remèt bay ajan anrejistre li a nan eta kote moun ki fè demann lanse a. Sèvis pou pwosè sivil  
zafè sa yo pa aksepte nan adrès la ak/oswa adrès imèl ki endike nan Seksyon I anba a.

Pou yon repons rapid, tanpri mete yon adrès imèl ki valab pou Western Union ka voye dosye an repons a asiyasyon an. Anjeneral, Western Union pa pral voye repons pou asiyasyon nan okenn adrès imèl modèl wèb tankou hotmail, yahoo oswa gmail.

## I. FÒS LÒD AMERIKEN ASIYASYON, LÒD TRIBINAL, AK MANDA POU FOUY

### A. Sèvis ak Tretman Asiyasyon yo

Asiyasyon, lòd tribinal, ak manda fouy (yo rele yo ansanm “asiyasyon”) ki soti nan ajans fòs lòd federal, eta ak lokal Etazini k ap mande dosye konsènan transfè lajan oswa chèk postal dwe nonmen “Western Union Financial Services, Inc.” epi yo ka remèt yo pa voye yon asiyasyon siyen an fòm PDF kopi ° asiyasyon nan [internationalsubpoena@westernunion.com](mailto:internationalsubpoena@westernunion.com) OSWA voye yo pa lapòs nan adrès sa a:

Western Union Financial Services, Inc.  
Responsab Dosye  
Subpoena Manager – HQ  
97001 E Belleview  
AveDenver, CO 80237

Western Union pa aksepte remèt asiyasyon pa faksimile.

Lè Western Union resevwa yon asiyasyon, li pral voye yon lèt akize resepsyon, pa imèl, pou avize li te resevwa asiyasyon an epi pou bay yon Nimewo Dosye Asiyasyon Western Union.

Tout asiyasyon pou konparèt dwe gen non konplè, tit, adrès postal, adrès imèl, nimewo telefòn ak nimewo faksimile moun ak/oswa antite ki bay asiyasyon an epi non konplè, tit, adrès postal, adrès imèl, nimewo telefòn ak nimewo faksimile moun pou voye dokiman yo. San enfòmasyon sa a, Western Union pa kapab trete asiyasyon yo.

## B. Demann pou Dosye Transfè Lajan

Sèvis transfè lajan sendika Western Union yo gen ladan yo sèvis konsomatè ak konsomatè epi konsomatè ak biznis. Yo ofri sèvis sa yo nan biwo ajan yo, pa telefòn ak sou Entènèt la. Western Union kenbe dosye tranzaksyon elektwonik ki anjeneral pwodui bay fòs lòd sou (yon) fichye Excel pwoteje pa modpas

Sof si asiyasyon an presize otreman, repons Western Union an ap limite a yon rechèch sou tranzaksyon transfè lajan mak Western Union.

Si w ap chèche enfòmasyon sou transfè lajan yo voye bay oswa soti nan yon moun, tanpri mete tout enfòmasyon ki disponib sou moun nan (tankou adrès, dat nesans, #idantite oswa vil oswa eta kote transfè a te voye oswa resevwa) pou pèmèt nou pi byen jwenn dosye ki reponn yo. Tanpri sonje ke Western Union anjeneral pa kolekte ni estoke nimewo sekirite sosyal.

## C. Demann pou Dosye Chèk Postal

Anjeneral, ajans fòs lòd k ap mande enfòmasyon sou yon chèk postal dwe bay nimewo chèk postal la ki gen 11 chif pou Western Union ka jwenn yo. Western Union pa ka fè rechèch pou chèk postal avèk non achtè a oswa non benefisyè a.

## II. TAN REPONS/OBJEKSİYON POU ASIYASYON FÒS Lòd AMERIKEN YO

Anjeneral, Western Union satisfè asiyasyon yo nan entèval 30 jou apre yo fin resevwa yo, sepandan, tan repons yo ka varye selon dimansyon asiyasyon an ak kalite dosye yo mande a.

Anplis, Western Union rezève dwa pou l fè objeksyon sou asiyasyon ki twò laj, ki twò lou, ki vag oswa ki enplike vi prive, privilèj oswa lòt enkyetid legal.

## III. KESYON KONSÈNAN ASIYASYON POU FÒS Lòd AMERIKEN YO

Si ou gen kesyon sou asiyasyon pou fòs lòd yo, kontakte Western Union nan adrès, imèl oswa nimewo telefòn ki anba a.

Telefòn: 1-866-455-9007

Imèl : [internationalsubpoena@westernunion.com](mailto:internationalsubpoena@westernunion.com)

Sèvis Jeneral Fòs Lòd Etazini, demann ki pa gen rapò ak asiyasyon:

[FIU\\_OLEOI@westernunion.com](mailto:FIU_OLEOI@westernunion.com)

Ijans Fòs Lòd Apre lè travay:

1-866-628-5067 opsyon 1 oswa voye yon imèl ak mo OBLIGATWA/IJAN nan tit la nan nenpòt nan adrès imèl nou sot mansyone yo.